# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

नागर विमानन महानिदेशालय–डीजीसीए विमानन कंपनी इंडिगो के मुख्य कार्यकारी अधिकारी पीटर एल्बर्स अउर एकाउंटेबल मैनेजर इसीड्रो पोर्क्यूरस के कारण बताओ नोटिस जारी कइले हौ अउर बड़हन पैमाना पर उड़ान रद्द भइले के ले के चउबीस घंटा के भित्तर जबाब देवे के कहले हौ। नागर विमानन मंत्री के. राममोहन नायडू येह बारे में संवाददाता लोगिन के बतवलें–

***हमने इंडिगो को निर्देश दिया है कि 48 घंटे के भीतर वे सभी बैगेज यात्रियों के घरों तक पहुँचा दें। यह उनकी जिम्मेदारी है, इसलिए हमने अधिकतम जवाबदेही इंडिगो पर ही डाली है, क्योंकि समस्या उनकी आंतरिक संचालन प्रक्रिया से ही शुरू हुई थी। हम लगातार में स्थिति की निगरानी कर रहे हैं। मैं आपको बता सकता हूँ कि पिछले दो–तीन दिनों से हम मंत्रालय में ही लगातार फैसले ले रहे हैं ताकि यात्रियों को कम से कम असुविधा हो।***

येह बिच्चे सरकार इंडियो के रद्द चाहे बाधित उड़ान बदे यात्रियन के सज्जो बकाया रिफंड बगैर कउनों देरी के दिहले क निरदेस दिहले हौ। नागर विमानन मंत्रालय आदेस दिहले हवे कि अइसन सज्जो उड़ान बदे रिफंड आजु राति आठ बजे ले पूरा हो जाये के चाही।

**********

प्रदेस में बिसेस गहन पुनरीक्ष्ण–एसआईआर अभियान में ओटर लिस्टि के पुनरीक्षण क काम तेजी से चलि रहल बा। मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि राज्य के एक्यानबे हजार से बेसी बूथन पर एसआईआर क काम पूरा हो चुकल हौ। एगो रिपोर्ट–

**अंबेडकर नगर के जिला निर्वाचन अधिकारी अनुपम शुक्ला ने बताया कि जिले में विशेष ग्रहण पुनरीक्षण का काम लगभग सौ प्रतिशत हो चुका है। जौनपुर में भी अब तक लगभग 86 प्रतिशत से अधिक गणना प्रपत्रों के डिजिटाइजेशन का कार्य पूर्ण हो गया है। गोरखपुर में भी मतदाता सूची पुनरीक्षण अभियान तेजी से जारी है। जिला अधिकारी दीपक मीणा ने कहा कि यह प्रक्रिया चुनावी पारदर्शिता और मतदाता अधिकारों की सुरक्षा के लिए महत्वपूर्ण है। उन्होंने प्रत्येक नागरिक से अपनी पूर्ण भागीदारी सुनिश्चित करने की अपील की। प्रेम चंद्र गुप्ता आकाशवाणी समाचार गोरखपुर।**

**********

देस आजु ससस्त्र सेना झंडा दिवस मना रहल हौ। बरिस ओन्नइस सौ ओन्चास से सात दिसम्बर के सहीदन आ सैनिकन के सम्मान में ई दिवस मनावल जाला। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर फ्लैग पिन आ स्मारिका क बिमोचन कइलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री राष्ट्र के रक्षा में लागल भारतीय सेना के पराक्रमी जवानन के ससस्त्र सेना झंडा दिवस क बधाई दिहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नौ दिसम्बर के गोरखपुर के पिपरौली बलाक में नया बनल राजकीय आईटीआई क उद्घाटन करिहें। एके पावरग्रिड कार्पोरेशन ऑफ इण्डिया अपने कार्पोरेट सामाजिक उत्तरादायित्व–सीएसआर फण्ड से बनववले हौ। ई आईटीआई पीपीपी मोड पर चलावल जाई।

**********

उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग दिसम्बर–जनौरी महिन्ना में सहायक अध्यापक प्रशिक्षित स्नातक भरती परीक्षा करायी। येह परीक्षा के जरिये पनरह बिसय के सात हजार चारि सौ छाछठ पदन बदे अभ्यर्थियन क भरती कइल जाई।

**********

देस क उत्तरी आ दक्षिणी इलाका के संस्कृति क संगम बनि रहल काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण में तमिलनाडु से आइल चउथा समूह आजु बनारस में काशी विश्वनाथ धाम धुमलस। ई समूह धाम क इतिहासिक स्वरूप, स्थापत्य कला आ नया बनल सुविधन क जनकारी लिहलस। येह बिच्चे काशी–तमिल संगमम अउर भारत सरकार क जन कल्याणकारी योजना क परचार–प्रसार बदे पत्र सूचना कार्यालय बनारस की ओरि से सर्किट हाउस में एगो खास कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। कार्यक्रम क मुख्य अतिथि प्रदेस सरकार क आयुष मंत्री डॉक्टर दयाशंकर मिश्र दयालु कहलें कि काशी–तमिल संगमम प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के एक भारत श्रेष्ठ भारत क सोचि के साकार कइ रहल हौ।

***जहां तक तमिल संगमम का सवाल है वो काशी और दक्षिण और उत्तर को जोड़ने के लिए कैसे सेतू के रूप में काम कर रहा है। तमिलनाडु हो राज्य हो तमिल भाषा हो और वहां के लोगों का ये चौथे साल लगातार काशी आना इस बार की थीम है। आओ तमिल सीखें और तमिल सीखने वहां के लोग आ के यहां हिन्दी सीख रहे हैं। और यहां के पहली बार यहां के लोग काशी के लोग तमिल जा रहें हैं। वहां जा के तमिल सीखेंगे।***

**********

गोरखपुर नगर निगम सहर में बारह सौ सोलर लाइट आ सौ से बेसी हाईमास्ट लाइट लगवाई। एकरे बदे नवीन आ नवीकरणीय ऊर्जा विकास एजेंसी–नेडा नगर निगम के तीनि करोड़ अट्ठासी लाख रूपिया दिहले हौ। गोरखपुर क नगर आयुक्त गौरव सिंह सोगरवाल बतवलें कि जनौरी में सोलर लाइट लगवले क कार सुरू हो जाई।

**********

प्रदेस क पूरबी इलाका में ठंडी बढ़े लागल हौ। ठंडी पछुआ बेयारि नमी के साथे मिलि के गलन महसूस करा रहलि हौ। मौसम विभाग के मोताबिक आवे वाले दिन में राति आ दिन के तापमान में गिरावट के सथहीं भिन्नहीं मधिमाहे कुहेसा छवले रही।

**********